

Kesyon Moun Poze souvan pou Pwopriyetè Chen yo

Kisa leptospiwoz la ye?

Leptospiwoz se yon maladi bakteri bay ki afekte moun ak kèk bêt, tankou chen. Li afekte chat yo raman.

Èske gen leptospiwoz nan vil New York (NYC)?

Wi. Yo jwenn leptospiwoz lakay moun ak chen nan tout senk (5) minisipalite yo. Anpil bêt diferan ka pote bakteri ki bay leptospiwoz yo.

Nan NYC, rat yo se sous ki pi komen.



Kijan leptospiwoz pwopaje?

Bakteri ki bay leptospiwoz yo gaye nan pipi bêt ki enfekte yo epi yo ka viv nan dlo oswa nan tè pandan plizyè semèn jiska plizyè mwa. Moun ak bêt yo ka enfekte si bakteri yo antre nan je yo, nan nen yo oswa nan bouch yo, oswa nan yon kote ki koupe oswa ki gen gratèl sou po yo. Anjeneral chen yo enfekte lè yo niche oswa bwè dlo oubyen tè ki kontamine ak pipi rat.

Èske mwen ka pran leptospiwoz nan chen mwen an?

Wi, men ka kote leptospiwoz pwopaje soti nan chen al nan moun yo ra anpil nan peyi Etazini epi yo pa rapòte yo nan NYC.

Ki siy ak sentòm leptospiwoz, epi konbyen tan yo dire?

Anjeneral chen yo vin malad youn a de (2) semèn apre yo fin ekspoze. Siy yo, ki ka dire pandan plizyè semèn, gen ladan yo lafyèv, frison, pèt apeti, vomisman, doulè nan misk ak dyare. Gen kèk chen ki ka devlope maladi ki pi grav, tankou ensifizans renal oswa ensifizans epatik, menm apre premye sentòm yo sanble amelyore.

Kijan mwen ka pwoteje chen mwen an kont leptospiwoz?

Kenbe kay ou a san rat epi kenbe chen w lan lwen wonjè yo ak lòt ti mamifè sovaj yo. Pa kite chen ou an bwè nan ma dlo oswa nan lòt sous dlo ki ka gen pipi bêt. Pale ak veterinè w la sou vaksen pou ede w anpeche chen w lan trape leptospiwoz.



Kijan yo dyagnostike leptospiwoz?

Veterinè ou a ka fè yon dyagnostik pou leptospiwoz lakay chen w lan baze sou ak kisa li te ekspoze (tankou rat oswa ma dlo), sentòm yo, ak rezulta tès san oswa tès pipi.

Kijan yo trete leptospiwoz?

Yo trete leptospiwoz ak antibiotik. Lè w trete li bonè sa ka ede w anpeche maladi grav. Li ka nesesè pou w entène chen ki malad grav yo lopital.

Kisa mwen ta dwe fè si yo dyagnostike chen mwen an gen leptospiwoz?

Veterinè ou a ap kòmanse trete chen ou a ak antibiotik, sa ki pral diminye kantite bakteri li ap elimine lè l ap pipi. Pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun pandan y ap trete chen w lan:

- Byen lave men w apre w fin manyen chen w lan oswa pipi li.
- Fè chen w lan pipi nan yon zòn kote pipi a ap seche byen vit epi kote moun ak lòt chen gen mwens chans pou yo gen kontak avèk li. Limyè solèy la ak pipi a lè l seche ap touye bakteri yo.
- Mete gan jetab lè w ap netwaye kabann chen w lan oswa nenpòt zòn ki gen pipi.

- Netwaye zòn ki ka kontamine avèk pipi, poupou oswa vomisman yo ak yon dezenfektan ki fèt ak yòd oswa klowòks.
- Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w santi w malad.

Si chen mwen an te gen leptospiwoz déjà, èske li ka enfekte ankò?

Wi. Gen plizyè souch bakteri diferan ki bay leptospiwoz. Apre li fin geri ak leptospiwoz, yon bêt ka vin malad ankò akoz yon lòt souch bakteri a.

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Pou w poze kesyon, pale ak veterinè w la.
- Pou plis enfòmasyon ak resous sou leptospiwoz, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**leptospirosis (leptospiwoz)**".
- Pou w jwenn yon kat enspeksyon rat nan NYC ak enfòmasyon sou prevansyon ak jesyon rat, ale sou **nyc.gov/rats**.

